



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 9 me 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE PLAN DESTINASYON JWÈT AZA NAN OTÈL-KLIB POU MENNEN TOURIS
AK DJÒB NAN PATI NÒ NEW YORK**

***Plan Gouvènè a gen ladan Pwosesis ki Pa Politik ak Endepandan pou Pote Destinasyon Jwèt Aza nan
Otèl-Klib nan Pati Nò New York***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale yon plan jeneral destinasyon jwèt aza nan otèl-klib pou kreye anpil djòb ak sipòte touris nan Pati Nò New York. Plan Gouvènè a ap pran avantaj sou pwogrè ekonomik lòt eta yo te fè nan jwèt aza nan otèl-klib ki ta ogmante revni pou rejyon yo, epitou ki ta bay nouvo opòtinite ekonomik pou biznis lokal Pati Nò Eta a avèk plis touris.

Plan an bay detay tou sou yon pwosesis endepandan ki pa politik pou kreye destinasyon jwèt aza nan otèl-klib, nouvo kritè espesifik pou chwazi operatè yo, ak yon repatisyon sou distribisyon revni nan yon fason ki bay avantaj pou plizyè rejyon, konte ak Eta a. Dapre plan Gouvènè a, pati nò New York ta separe an sis rejyon, epi twa otèl-klib ta kandida avèk sèlman yon otèl-klib ki kalifye pou fonksyone nan yon rejyon. Yon kat jewografik sis rejyon pati nò Eta a endike nan dokiman siplemantè.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Eta nou an gen yon sèl opòtinite pou lanse ekonomi lokal kominote ki nan pati nò New York epi pou kreye anpil milye nouvo djòb kote yo nesèsè pi plis. Pandan plizyè ane, eta vwazen tankou Connecticut ak New Jersey te jwenn avantaj nan Nouyòkè ki te kite eta nou an pou vizite enfrastrikti jwèt aza yo. Nou vle ranvèsè tandans sa a lè nou mete nouvo destinasyon otèl-klib nan pati nò New York, yon estrateji k ap atire plis touris ak vizitè pou vini ak achte nan biznis lokal nou yo, pou vizite atraksyon rejyonal yo, epitou pou ede kreye nouvo djòb nan kominote nou yo. Pwopozisyon sa a ap prepare otèl-klib jwèt aza yo nan yon pwosesis endepandan ki pa politik pou pran avantaj san pati pri ak yon fason estratejik sou gwo posiblite jwèt aza genyen pou devlope ekonomi eta nou an."

Destinasyon Jwèt Aza nan Otèl-Klib kòm Motè Ekonomik nan Pati Nò New York:

Touris se deja yon gwo motè ekonomik nan Eta New York, sa ki mete li kòm senkyèm pi gwo endistri eta a, pou anplwaye plis pase 700.000 moun, pou kreye \$57 milya dola nan depans, epi pou reprezante plis pase \$7 milya dola nan revni taks lokal ak taks eta a. Destinasyon otèl-klib ki gen jwèt aza amelyore

reprézante yon opòtinite pou chaje efò touris eta a pi plis, sitou nan pati nò New York.

Enpak ekonomik ak djòb posib jwèt aza otèl-klib gen enpòtans:

- Nan New Jersey, apeprè 35.500 djòb dirèk asosye avèk jwèt aza, epitou yon Etid Rutgers te estime a plis pase 100.00 djòb endirèk.
- Nan Connecticut, gen apeprè 14.600 djòb dirèk, ak plis pase 16.400 nan Pennsylvania.
- Foxwoods Resort ki nan Connecticut sèlman anplwaye plis pase 8.200 moun, epi li kreye \$165,5 milyon dola nan revni pou Eta a.
- Isit la nan New York, Resorts World, ki pa ofri jwèt aza okonplè epi ki pa gen otèl, pwodui \$306 milyon dola nan revni pou Eta a pandan li anplwaye 1.750 moun.
- Enpak la travèse anpil ti biznis ki jwenn sipò otèl-klib ki gen jwèt aza. Nan New Jersey, otèl-klib ki gen jwèt aza depanse yon mwayèn \$2,3 milya dola chak ane avèk plis pase 2.000 vandè endepandan k ap opere nan chak konte ki nan eta a - tankou konpayi sèvis transpò, vandè manje, ak sèvis pwofesyonèl yo.

Heather Briccetti, Prezidan ak Direktè Jeneral Komisyon Biznis New York, di konsa, "Pwopozisyon Gouvènè Cuomo pou otèl-klib destinasyon ak jwèt aza pral transfòme rejyon ki nan pati nò New York an destinasyon vakans klas mondyal. Antan senkyèm pi gwo sektè travay nan New York, touris jwe yon wòl enpòtan nan devlope ekonomi nou an. Plan Gouvènè a pral atire plis touris nan ekonomi k ap debat nou yo nan pati nò eta a, ki pral respire nouvo lavi nan ti biznis yo, pou ede yo grandi ak devlope nan New York. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsè pou kalite dirijan li epi mwen espere travay avèk administrasyon li a pandan n ap kontinye bati yon New York tounèf k ap bon pou fè biznis.

Mario Cilento, Prezidan nan New York State AFL-CIO, di konsa, "Pwopozisyon pou jwèt aza sa a pral kreye anpil dizèn milye djòb estab ki peye byen ki pral ede fanmi klas mwayèn nan ki t ap debat pandan twò lontan. New York State AFL-CIO fyè pou asosye avèk eta a nan fè jwèt aza nan kazino vin yon reyalyte. Avèk pwopozisyon sa a, Gouvènè Cuomo ap ede fanmi New York k ap travay di yo."

Steve Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York, di konsa, "Plan Gouvènè a prezante jodi a pral ede kominote nou yo prepare pou nouvo endistri sa a. Gen bezwen devlopman ekonomik, lapolis, enfrastrikti ak sèvis sosyal ki pral akonpaye plan jwèt aza sa a, epi gouvènman rejyonal nou yo pral enpòtan pou asire siksè li."

Plan Gouvènè a Pwopoze a: Koneksyon Touris, Djòb ak Revni:

Plan Gouvènè a pou destinasyon jwèt aza nan otèl-klib ta nan mitan yon estrateji ki melanje touris, devlopman ekonomik, ak revni, sitou pou pati nò New York. Plan an gen ladan detay enpòtan sa yo:

Pozisyon pou Destinasyon Jwèt Aza Otèl-Klib yo: Twa otèl-klib ta kandida nan pati nò New York. Dapre plan an, pati nò New York ta separe an sis rejyon. Yon sèl otèl-klib ta nan yon rejyon.

Jwèt Aza Endyen: Twa rejyon nan Eta a gen jwèt aza endyen. Yon Nasyon Endyen ki gen yon zòn inik ta gen zòn sa a ki jwenn lonè eta a lè l ap kreye nouvo otèl-klib yo, depi kontra ant nasyon an ak eta gen bon repitasyon. Si kontra a pa gen bon repitasyon, rejyon an ta kalifye pou yon otèl-klib jwèt aza komèsyal (ki pa endyen).

Kritè Evalyasyon pou Seleksyon Destinasyon Jwèt Aza Otèl-Klib: Kritè Evalyasyon an ap gen ladan:

- Kantite Djòb
- Kantite Lajan Envestisman Kapital (limit \$250-\$500 milyon dola ki prevwa)
- Kantite lajan Revni ki Prevwa pou Eta yo ak Rejyon yo
- Sipò Lokal (Règ Lokal)
- Kantite Lajan Frè pou Franchiz
- Vizyon pou Devlopman ak Entegrasyon avèk Touris Rejyonal

Answit, yon seri kritè evalyasyon ajoute ap gen ladan:

- Finansman ki Imedyat ak Konplè ki Disponib
- Apwòch Devlopman Jeneral
- Eksperyans nan Devlopman Jwèt Aza
- Rapidite nan Konstwiksyon/Dat Finisman
- Pase Revizyon Etik ak Onètete
- Devlopman Mendèv
- Kontra Travay
- Sansiblite pou Anviwònman
- Fason pou Rezoud Pwoblèm Jwèt Aza

Kritè chwa yo se limit minimòm pou yo apwouve nenpòt pwojè nan yon rejyon menmsi yo pa ofri pwojè konpetitif. Pwojè ki jwenn kontra yo ta resevwa yon peryòd inik senk ane san kazino siplemantè ki site nan Vil New York oswa nan pati nò Eta a. Chan kous yo ta kapab fè konpetisyon tou, epi tout kontra ki gen chan kous cheval yo ta jwenn lonè.

Benefisyè Distribisyon Revni:

- 10% pou kominote òganizatè a
- 10% pou konte yo ki nan rejyon an
- 80% pou eta a

Itilizasyon Revni an: Yo ta itilize revni an pou èd edikasyon eta a ki anplis fòmil anyèl la, soulajman nan taks kay, ak ranbousman pou depans lokal yo.

Komisyon Endepandan pou Seleksyon: Komisyon an ap gen ladan espè byen imobilye ak finans, epi komisyon an ap chwazi yon konseye finansye. Komisyon an la pou yon ti tan epi li ta kraze apre reyalizasyon travay li. Lejislati a pa ta patisipe nan pwosesis seleksyon an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418